

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

SatuanPendidikan : SMP Negeri 1 Cipari
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : VII/1
Kompetensi Dasar : 3.3
Materi Pokok : Teks cerita rakyat.
Pembelajaran ke : 1
Alokasi Waktu : 2 x 40 menit

A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti kegiatan pembelajaran diharapkan peserta didik dapat :

1. Menjawab pertanyaan tentang cerita rakyat dengan benar.
2. Menceritakan kembali pitutur luhur yang terdapat dalam cerita rakyat.

B. Kegiatan Pembelajaran

1. Kegiatan Pendahuluan

- a. Guru memberi salam, berdoa, dan mengecek kehadiran peserta didik.
- b. Peserta didik mengingat tentang materi sebelumnya.
- c. Peserta didik menerima informasi mengenai kompetensi materi, tujuan, dan manfaat dari materi yang akan disampaikan.

2. Kegiatan Inti

- a. Peserta didik membaca cerita rakyat Timun Mas melalui Buku Marsudi Basa lan Sastra Jawa dengan santun
- b. Peserta didik menentukan tema, alur, tokoh, latar cerita rakyat Timun Mas.
- c. Peserta didik menelaah pesan moral yang terdapat dalam cerita rakyat Timun Mas.

3. Kegiatan Penutup

- a. Peserta didik bersama guru menyimpulkan pembelajaran
- b. Peserta didik menyimak informasi mengenai rencana pembelajaran berikutnya.

C. Penilaian Pembelajaran

1. Sikap : Santun, percaya diri, berani.
2. Pengetahuan : Tes tertulis uraian
3. Keterampilan : Menceritakan pitutur luhur dalam cerita rakyat

Mengetahui
Kepala SMP N 1 Cipari

Ahmad Fathoni, S.Pd.,M.Pd
NIP. 19720206 199702 1 003

Cipari, Juli 2020
Guru Mata Pelajaran,

Retno Wahyuningsih, S.Pd
NIP. 19800822 201001 2 009

Lampiran 1

Materi Pembelajaran

A. Teks Cerita Rakyat Timun Mas

Timun Mas

Dhek jaman biyen ing salah sawijining desa, ana Mbok Randha sing urip dhewe ora ana putra utawa sedulur. Amarga urip dhewe Mbok Randha mau kepengin kagungan putra. Saben dina Mbok Randha donga awan bengi ing ngarsane Gusti Allah supaya diparingi putra. Dheweke yakin menawa penjaluke bakal dikabulake dening Gusti Allah. Mbok Randha, anggone donga awan bengi ing omahe kuwi mau keprungu Buto Ijo sing kebeneran liwat sacedhake kono. Buta Ijo banjur nyeluk Mbok randha supaya metu saka omahe. Mbok Randha kaget ngerten ana Buto Ijo ing ngarep omahe.

Buta Ijo ngomong menawa bisa nulungi menehi putra. Mbok Randha bungah atine krungu kandhane Buto Ijo kuwi mau lan nyaguhi kabeh penjaluke Buto Ijo menawa diwenehi putra tenan.

Penjaluke Buto Ijo yaiku menawa anake Mbok Randha wis gedhe dijaluk arep dipangan. Sabanjure, Buto Ijo menehi wjii timun sing kudu ditandur Mbok Randha. Sawise Buta Ijo kuwi mau lunga, Mbok Randha nandur wiji timun iku ana kebone. Wiji kuwi dirumat lan diopeni kanthi gemati, disiram, diresiki sukete, lan dirabuk supaya cepet thukul. Sawise thukul lan dadi wit timun kang subur, wit timun iku mau wis padha uwuh. Ing antarane akehe woh timun, ana salah sijine timun kang nganeh-anehi. Rupane kuning emas lan gedhene sak guling. Timun iku banjur pecah lan ing njero timun mau ana bayi manungsane.

Mbok Randha bungah atine amarga penjaluke kepengin kagungan putra wis kaleksanan. Mbok Randha ngucapake syukur marang Gusti Allah amarga dongane wis dikabulake. Bayi iku mau wadon, pakulitane resik alus kaya kulit timun amarga lair saka timun sing kuning kaya emas, bayi wadon kuwi mau dijenengake Timun Mas.

Sawise Timun Mas ngancik diwasa, Mbok Randha kelingan janjine karo Buta Ijo menawa arep menehake Timun Mas. Mbok Randa dadi susah atine, rina wengi Mbok Randha donga supaya entuk pitulungan saka Gusti Allah. Salah sawijining wengi, Mbok Randha ngimpi ketemu pertapa ing Gunung Gandhul. Pertapa kuwi mau sing bisa nulungi supaya Timun Mas ora dipangan Buta Ijo.

Esuke Mbok Randha tindak menyang Gunung Gandhul kaya impene. Sawise ketemu karo pertapa kaya ing impene, Mbok Randha disangoni buntelan kanggo Timun Mas. Pertapa kuwi mau menehi pitutur piye carane supaya Timun Mas bisa oncat saka bebaya ngadhepi Buta Ijo. Sawise ngucapake maturnuwun Mbok Randa pamitan mulih.

Tekan omah Mbok Randha menehi buntelan kang cacahe papat, lan dituturi piye carane nggunakake. Mbok Randa ngutus Timun Mas lunga saka omah lan mlayu sak cepet-cepete. Sawise iku Buta Ijo kang arep jupuk Timun Mas teka ing omahe Mbok Randha banjur nesu ngerten Timun Mas wis ora ana. Buto Ijo nesu lan ngamuk, kebon kang ana ing cedhak omahe Mbok Randha dirusak banjur bengok-bengok ngoyak Timun Mas.

Amarga Buto ijo jangkahe amba sedhela wae Timun Mas wis meh kasil koyak. Timun Mas banjur nguncalake buntelan sing isine wiji timun. Wiji timun kang diuncalake mau sanalika malih dadi kebon timun kang akeh woh timune., Buta Ijo mandeg lan mangan timun sing katon seger-seger kuwi mau. Nanging sawise timune entek, Buta Ijo kelingan menawa ngoyak Timun Mas. Buta Ijo banjur ngoyak Timun Mas maneh sing wis mlayu tekan adoh.

Amarga Buta Ijo jangkahe amba sedhela Timun Mas wis meh kasil koyak. Buntelan kang isine dom banjur diuncalake Timun Mas. Dumadakan dadi alas pring sing ngalangi playune Buta Ijo. Nanging sedhela wae Buta Ijo kasil bisa metu saka alas pring kuwi mau.

Rumangsa wis meh kecekel Buta Ijo, Timun Mas banjur nguncalake buntelan kang isine uyah, lan malih dadi segara kang amba lan jero. Buto ijo kasil nglangi ing segara kuwi mau lan tetep ngoyak Timun Mas kang ayu rupane. Timun Mas isih kelingan yen ing astane isih ana buntelan siji kang durung dibalangake Buta Ijo. Wusana Timun Mas kasil mbalangake buntelan kang pungkasan yaiku kang isine trasi.

Sanalika, buntelan kang isine trasi malih dadi segara lendhut kang jero banget. Buta Ijo kecemplung lan kangelan mentas saka lendhut kuwi mau. Pungkasane Buta Ijo kang ngoyak Timun Mas iku mati kleleb ing njero segara lendhut. Timun Mas slamet lan urip tentrem karo Mbok Randha.

(<https://tunjungbudiwati.wordpress.com/2010/04/05/timun-mas-dalam-bahasa-jawa/>)

B. Kawruh Crita Rakyat

Crita rakyat yaiku crita sing asale saka crita masyarakat jaman biyen. Crita rakyat kalebu crita fiksi utawa crita kang durung tamtu bener lan salahe utawa ana lan orane.

Crita rakyat kang ana ing tlatah Jawa Tengah iku akeh banget. Crita rakyat kang sumebar saindhenging Jawa Tengah iku minangka *aset* lan *khazanah budaya*. Tuladhane crita rakyat “Keong Mas”, “Jaka Tarub”, “Timun Mas”, lan “Bawang Abang lan Putih”, Crita rakyat sumbere ora cetha, mung asipat lesan utawa *dari mulut ke mulut*. Amarga mung asipat lesan wiwit leluhur jaman biyen mula bener lan lupute ora usah dimasalahake.

Titikane crita rakyat yaiku :

1. Dicritakake turun tumurun kanthi lisan
2. Ora dimangertene sapa pangriptane
3. Asipat tradhisional

Jinise crita rakyat :

1. Fabel

Crita rakyat kang paragane kewan nanging kewan kuwi tumindake kaya dene manungsa.

Tuladha : Kancil lan Baya, Kancil lan Keyong, lsp.

2. Legendha

Crita Rakyat kang nyritakake dumadine papan panggonan.

Tuladha : Dumadine Nusakambangan, Sura lan Baya, lsp.

3. Sage

Crita rakyat kang isine nyritakake unsur sejarah.

Tualdha : Damarwulan, Ciung Wanara, Roro Jonggrang

4. Mite

Crita rakyat kang nyritakake dewa dewi lan sipate sakral utawa mistis.

Tuladha : Nyi Roro Kidul, Dewi Sri, lsp

5. Epos

Crita rakyat kang isine nyritakake kepahlawanan. Tuladha : Cindhelaras

Unsur instrinsik crita rakyat :

Unsur instrinsik yaiku struktur carita kang ana ing sajroning crita kasebut. Unsur-unsur kasebut yaiku :

1. Tema yaiku pokok utawa punjere crita
2. Alur yaiku dalane crita adhedhasar wektune (maju, mundur, campuran)
3. Paraga yaiku pawongan kang nindakake crita lan duweni watak tertamtu.
4. Latar utawa setting yaiku medharake papan, wektu, lan swasana nalika prastawa.
5. Pitutur yaiku babagan kang becik kang bisa dijupuk dening pamaca.

C. Sumber Belajar :

1. Buku Marsudi Basa lan Sastra Jawa kelas VII (Priyantono, Sawukir)
2. Materi Pendamping Siswa
3. Internet

Lampiran 2

Instrumen Penilaian

A. Penilaian Sikap

1. Teknik : Jurnal
2. Instrumen : Lembar Pengamatan Sikap

No Urut	Nama	Aspek							
		Keaktifan				Santun Berbahasa			
Skor	1	2	3	4	1	2	3	4	

Pedoman Penskoran,

1. Pedoman Penskoran keaktifan

- a. Peserta didik mendapatkan nilai 4 dalam keaktifan jika dalam pembelajaran melakukan bertanya/menjawab/memberikan pendapat lebih dari dua kali.
- b. Peserta didik mendapatkan nilai 3 dalam keaktifan jika dalam pembelajaran melakukan bertanya/menjawab/memberikan pendapat sebanyak dua kali..
- c. Peserta didik mendapatkan nilai 2 dalam keaktifan jika dalam pembelajaran melakukan bertanya/menjawab/memberikan pendapat hanya satu kali.
- d. Peserta didik mendapatkan nilai 1 dalam keaktifan jika dalam pembelajaran tidak pernah melakukan bertanya/menjawab/memberikan pendapat.

2. Pedoman penskoran santun berbahasa

- a. Peserta didik mendapatkan nilai 4 jika dalam berbicara menggunakan ragam krama.
- b. Peserta didik mendapatkan nilai 3 jika dalam berbicara menggunakan krama lugu.
- c. Peserta didik mendapatkan nilai 2 jika dalam berbicara menggunakan ngoko alus.
- d. Peserta didik mendapatkan nilai 1 jika dalam berbicara menggunakan ngoko lugu.

B. Penilaian Pengetahuan

Teknik : Tes Tertulis

Bentuk : Uraian

Wangsulana pitakon-pitakon iku adhedhasar wacan Timun Mas!

1. Timun Mas iku putrane sapa?
2. Sapa Buta Ijo iku?
3. Apa pepenginane Mbok Randha kang dingendikakake marang Buta Ijo?
4. Kepriye tanggapane Buta Ijo marang pepenginane Mbok Randha?
5. Kepriye isine prajanjen antarane Buta Ijo karo Mbok Randha?
6. Timun kang rupane kuning iku isine apa?
7. Kepriye isine impene Mbok Randha?
8. Sapa sing maringi buntelan kanggo Timun Mas?
9. Apa isine buntelan kang nomor telu kang digawe dening Timun Mas?
10. Critakna Buta Ijo wusanane nemoni pati!

Kunci jawaban

1. Putrane Mbok Randha
2. Buta kang maringi wiji timun marang Mbok Randha
3. Kepengin nduweni putra
4. Nyaguhi pepenginane Mbok Randha
5. Bocah kang metu saka timun iku nalika ngancik diwasa arep dijaluk lan dipangan Buta Ijo
6. Isine bocah wadon kang pakultane resik lan ayu rupane.
7. Ngimpi ketemu pertapa ing Gunung Gandhul kang bakal nulungi Timun Mas supaya ora dipangan Buta Ijo
8. Resi Gunung Gandhul
9. Uyah
10. Timun Mas slamet lan urip tentrem karo Buta Ijo

Pedoman Penskoran:

Nomor 1-10 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0.

Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20

skor yang diperoleh

Nilai : X 100

Skor maksimal (20)

C. Penilaian Keterampilan

Instrumen : Tulisen pitutur luhur kang kaemot ing crita rakyat Jaka Tarub!

Pedoman Penskoran :

No	Nama	Aspek													
		Ejaan				Diksi				Keruntutan				Kesesuaian dengan isi cerita	
1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4

1. Pedoman Penskoran Ejaan

- a. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila penulisan ejaan baik.
- b. Peserta didik mendapatkan nilai 3 apabila penulisan ejaan cukup baik
- c. Peserta didik mendapatkan nilai 2 apabila penilaian ejaan kurang baik
- d. Peserta didik mendapatkan nilai 1 apabila penilaian ejaan tidak baik

2. Pedoman Penskoran Diksi

- a. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila pemilihan diksi baik.
- b. Peserta didik mendapatkan nilai 3 apabila pemilihan diksi cukup baik
- c. Peserta didik mendapatkan nilai 2 apabila pemilihan diksi kurang baik
- d. Peserta didik mendapatkan nilai 1 apabila pemilihan diksi tidak baik

3. Pedoman Penskoran Keruntutan

1. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan ditulis secara runtut
2. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan ditulis cukup runtut
3. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan ditulis kurang runtut
4. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan ditulis tidak runtut

4. Pedoman Penskoran Kesesuaian dengan isi cerita

1. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan sesuai dengan isi cerita
2. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan cukup sesuai dengan isi cerita
3. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan kurang sesuai dengan isi cerita
4. Peserta didik mendapatkan nilai 4 apabila ringkasan tidak sesuai dengan isi cerita